



# Glossary of Social Security Terms (Haitian-Creole)

## Glosè Tèm Sekirite Sosyal

Term	Tèm	Eksplikasyon
Advance Designation	Deziyasyon Davans	<p>Deziyasyon davans pèmèt ou chwazi jiska twa moun ki ta ka sèvi kòm yon reprezentan pou ou si bezwen an ta rive.</p> <p>Nou ofri deziyasyon davans pou grammoun konpetan ak minè emansipe k ap aplike oswa k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Siplementè (SSI an Anglè), oswa Benefis Espesyal pou Veteran. Si ou vin pa kapab jere oswa dirije lòt moun pou jere benefis ou pou ou, ou pral gen lapè nan tèt ou pou konnen ke yon moun ou fè konfyans ka nonmen pou yo ka jere benefis ou pou ou. Pou plis enfòmasyon, gade Deziyasyon Davans (an Anglè).</p>
AME (Average Monthly Earnings)	AME (Average Monthly Earnings) (Mwayèn Salè chak mwa)	<p>Montan lajan yo te itilize pou kalkile benefis Sekirite Sosyal ou chak mwa si ou rive nan laj 62 an oswa ou vin andikape (oswa mouri) anvan ane 1978. Yo detèmine AME a pa divize salè total nan "ane kalkil yo" pa kantite mwa nan ane sa yo. Gade <i>Benefis retrèt ou: Kijan li kalkile</i> (05-10070). (An Anglè).</p>
Appeal (Appeal Rights)	Apèl (Dwa pou fè Apèl)	<p>Chak fwa Sekirite Sosyal pran yon desizyon konsènan kalifikasyon ou pou benefis Sekirite Sosyal oswa peman Revni Sekirite Siplementè (SSI an Anglè) ou ap resevwa yon lèt eksplikasyon. Si ou pa dakò ak desizyon an, ou gen dwa pou fè apèl (mande nou pou revize ka ou a). Si desizyon nou pat bon, nap chanje li.</p>
Application for Benefits	Aplikasyon Pou Benefis	<p>Pou resevwa benefis Sekirite Sosyal, peman Revni Sekirite Siplementè (SSI an Anglè), oswa Medicare, ou dwe ranpli ak siyen yon aplikasyon.</p> <p>Ou ka aplike pou benefis retrèt, andikap, Medicare, SSI ak benefis mari oswa madanm sou entènèt nan <a href="http://www.ssa.gov/applyonline">www.ssa.gov/applyonline</a> (an Anglè). Ou ka aplike an pèsòn nan yon biwo Sekirite Sosyal lokal, oswa pa telefòn nan <b>1-800-772-1213</b>. Nimewo TTY nou an se <b>1-800-325-0778</b>.</p>

<b>Term</b>	<b>Tèm</b>	<b>Eksplikasyon</b>
<b>Application for a Social Security Card</b>	<b>Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal</b>	Aplikasyon an, Fòm (SS-5) ou bezwen ranpli pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal. Pafwa ou ka bezwen ranpli menm aplikasyon sa pou resevwa yon ranplasman pou yon kat. Pou plis enfòmasyon, gade Jwenn oswa ranplase yon kat Sekirite Sosyal (an Anglè).
<b>Baptismal Certificate</b>	<b>Sètifikasi Batèm</b>	Yon dosye relije ofisyèl dat nesans ou oswa batèm ou. Gen nan kèk sitiyasyon nou ka itilize yon sètifikasi batèm pou nou etabli laj ou.
<b>Base Years</b>	<b>Ane Fondasyon Yo</b>	Nan kalkil inisyal, ane fondasyon yon travayè (moun ki ap touche salè a) pou benefis Sekirite Sosyal yo se ane apre 1950 jiska ane anvan ou kòmanse pran retrèt oswa benefis asirans andikap. Pou reklamasyon sivivan, ane fondasyon yo enkli ane lanmò travayè a.
<b>Benefits for your Family</b>	<b>Benefis Pou Fanmi Ou</b>	Lè ou kalifye pou benefis retrèt oswa benefis andikap, moun sa yo ka resevwa benefis tou sou dosye ou: <ul style="list-style-type: none"> <li>Mari oswa madanm ki gen omwen 62 an (oswa nenpòt laj si yo ap pran swen yon timoun ki gen mwens pase 16 an oswa ki andikape) oswa ki gen plis pase 16 an epi ki andikape avan laj 22 an.</li> <li>Timoun si yo pa marye epi yo poké gen 18 an, oubyen ki poké gen 19 an epi ki se yon etidyen elemantè aplantan oswa segondè.</li> <li>Timoun ki gen laj 18 an oswa ki pi gran men ki te indikape anvan laj 22 an.</li> <li>Ansyen-mari/madanm ki gen 62 an oswa plis.</li> </ul>
<b>Benefit Verification Letter</b>	<b>Lèt Verifikasyon Benefis</b>	Yon lèt ofisyèl ki soti nan Sekirite Sosyal ki di kantite lajan yon moun resevwa chak mwa nan benefis Sekirite Sosyal oswa peman Revni Sekirite Siplemantè (SSI an Anglè). Yon lèt Verifikasyon kapab montre tou prèv ke yon moun pa resevwa benefis oswa yo ap tann yon desizyon.
<b>Benefits</b>	<b>Benefis</b>	Sekirite Sosyal peye senk kalite benefis: <ul style="list-style-type: none"> <li>Retrèt</li> <li>Andikap</li> <li>Mari/Madanm/timoun depandan</li> <li>Sivivan</li> <li>Medicare</li> </ul> Benefis retrèt, andikap, ak pwogram sivivan yo peye benefis chak mwa; Medicare bay pwoteksyon medikal.

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>Benefits – Reduced</b>	<b>Benefis – Redwi</b>	<p>Gen kèk benefis ki redwi depann sou lè ou komanse resevwa yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Benefis retrèt nan laj 62 an jiska mwa avan ou rive nan laj retrèt konplè (an Anglè);</li> <li>• Benefis mari/madanm laj 62 an jiska mwa anvan ou rive nan laj konplè pou pran retrèt la, eksepte si pa gen okenn ptit mari oswa madanm ou ki pokò gen laj 16 an oswa ki andikape epi ki gen dwa a benefis nan dosye mari ou oswa madanm ou ki sou kont ou .</li> <li>• Benefis vèv oswa vèf kòmanse a nenpòt lè apre laj 60 an, oswa laj 50 an si ou andikape, jiska mwa anvan ou rive nan laj retrèt konplè ou.</li> <li>• Benefis vèv oswa vèf si mari/madanm ou te resevwa benefis retrèt avan laj retrèt konplè li.</li> <li>• Benefis andikap ou resevwa apre ou te gentan resevwa benefis retrèt redwi.</li> <li>• Benefis retrèt oswa andikap ou resevwa apre ou te gentan resevwa benefis vèv oswa vèf ki te redwi. Sa aplike sèlman si ou te fèt avan ane 1928.</li> </ul>
<b>Birth Certificate (Original)</b>	<b>Batistè (Orijinal)</b>	Yon dosye ki konsève pa yon antite gouvènmantal tankou yon eta, zòn, pawas, vil oswa minisipalite ki dokimante nesans ou.
<b>Child</b>	<b>Timoun/Ptit</b>	<p>Nou itilize tèm “timoun” pou nou enkli ptit byolojik ou oswa nenpòt lòt timoun ki ka eritye pwopriyete pèsònèl ou anba lwa eta kote ou ap viv la ou oswa ki satisfè sèten kondisyon espesifik anba lwa Sekirite Sosyal la, tankou nenpòt nan sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon timoun ou adopte legalman.</li> <li>• Yon timoun ou adopte enfòmèlman.</li> <li>• Yon bèlf/bofis.</li> <li>• Yon ptit-ptit depandan ou oswa bèlfis/bofis ptit ou ki sou kont ou.</li> </ul>
<b>COLA-Cost-of-Living Adjustment</b>	<b>Ajisteman Pou Pri lavi</b>	Benefis Sekirite Sosyal ak Revni Serikite Siplementè (SSI an Anglè) peman yo ka ogmante nan ane apre yon ogmantasyon nan pri lavi a (anflasyon).
<b>Computation Years</b>	<b>Ane Kalkil Yo</b>	Ane Kalkil yo se ane salè ki pi wo nan ane fondasyon yo. Nou ajoute salè total pou ane kalkil yo epi nou divize pa kantite mwa ki nan ane sa yo pou nou ka jwenn AME a oswa AIME a. (Nou itilize 35 ane ki pi wo nan salè ou pou nou kalkile benefis retrèt ou.)

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>CPI-W (Consumer Price Index)</b>	<b>Endèks Pri Konsomatè</b>	Yon endèks prepare pa Depatman Travay Etazini (U. S. Department of Labor, en Anglè) Ki endike ogmantasyon nan pri sèten machandiz ak sèvis. Nou itilize endèks sa a pou kalkile Ajisteman pri lavi (COLA an Anglè).
<b>Credits (Social Security Credits)</b>	<b>Kredi (Kredi Sekirite Sosyal)</b>	Yo te rele "Trimès Pwoteksyon." lè ou ap travay epi ap peye taks Sekirite Sosyal, ou akimile kredi ki konte nan kalkil kalifikasyon ou pou benefis Sekirite Sosyal. Ou ka akimile yon maksimòm de kat kredi chak ane. Pifò moun bezwen 40 kredi pou kalifye pou benefis. Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo kalifye pou benefis andikap oswa benefis sivivan yo. Pou plis enfòmasyon, gade, Kredi Sekirite Sosyal yo (an Anglè).
<b>Decision Notice (Award Letter or Denial Letter)</b>	<b>Avi Desizyon (Lèt Apwouve oswa Lèt Refi)</b>	Lè ou aplike pou Sekirite Sosyal, nou decide si ou ap ka resevwa benefis yo. Nou voye yon lèt ofisyèl ba ou ki eksplike desizyon nou an epi, si nou ka peye ou benefis, nou di ou kantite lajan ou pral jwenn chak mwa.
<b>DRC (Delayed Retirement Credits)</b>	<b>Kredi Retrèt en Reta</b>	Benefis Sekirite Sosyal yo ogmante pa yon sèten pousantaj (selon dat nesans) si yon moun pran reta pou reklame benefis retrèt yo aprè laj retrèt konplè yo. Ogmantasyon benefis kanpe apre laj 70 an, menm si moun nan pa reklame benefis la.
<b>Direct Deposit</b>	<b>Depo Dirèk</b>	Nan pifò ka yo, moun resevwa benefis Sekirite Sosyal ak Revni Sekirite Siplementè (SSI an Anglè) nan depo dirèk. Nou voye lajan ou elektwonikman nan kont labank ou direkteman. Pou plis enfòmasyon, gade Sekirite Sosyal Depoze Direk (an Anglè).
<b>Disability Benefits</b>	<b>Benefis Andikap</b>	<p>Ou ka jwenn benefis andikap si tout bagay sa yo aplike pou ou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ou pokò gen laj retrèt konplè.</li> <li>• Ou gen ase kredi Sekirite Sosyal.</li> <li>• Ou gen yon gwo andikap medikal (fizik oswa mantal) ki anpeche ou fè travay "sibstansyèl" pou yon ane oswa plis, oswa yon pwoblèm medikal ki ka lakòz lanmò ou.</li> </ul> <p>Pou plis enfòmasyon, gade Benefis pou Moun ki Gen Andikap (an Anglè).</p>
<b>Documents (Proofs)</b>	<b>Dokiman (Prèv)</b>	Fòm ak papye tankou batistè, sètifikasi maryaj, fòm W-2, deklarasyon taks, papye kay, elatriye, soumèt pa moun k ap aplike pou benefis ak sèvis yo. Nou sèlman aksepte dokiman oriijinal oswa kopi ak ekstrè ki sètifye pa ajans ki genyen dokiman oriijinal la.

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>Early Retirement</b>	<b>Benefis Retrèt Bonè</b>	Ou ka kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal depi laj 62 an si ou gen asirans, men kantite lajan benefis ou ap mwens pase sa ou t ap resevwa si ou te tann jiska laj konplè ou pou pran retrèt. Si ou pran benefis retrèt bonè, benefis ou ap rete redwi nèt ale, dapre kantite mwa ou te resevwa benefis yo anvan ou rive nan laj pou pran retrèt konplè ou.
<b>Early Retirement Age</b>	<b>Laj Retrèt Bonè</b>	Laj 62 an. Pou plis infòmasyon, gade Kòmanse benefis retrèt ou bonè (an Anglè).
<b>Earnings Record (lifetime record of earnings)</b>	<b>Dosye Salè (dosye salè pou tout lavi ou)</b>	Yon istwa kwonologik ki montre kantite lajan ou te touche chak ane nan lavi ou pandan ou t ap travay. Kredi ou akimile yo rete sou dosye Sekirite Sosyal ou menm lè ou chanje travay oswa pa gen salè. Ou ka wè istwa salè pèsonèl ou lè ou kreye yon kont sekirite sosyal (an Anglè).
<b>Evidence (Proofs)</b>	<b>Verifikasyon (Prèv)</b>	Dokiman ou dwe soumèt pou sipòte kalifikasyon ou oswa montan peman. Moun Ki travay non biwo Sekirite Sosyal ou ka eksplike ki prèv ki nesesè pou etabli kalifikasyon ou epi ede ou jwenn li. Pou plis enfòmasyon, gade Prèv ki nesesè pou etabli dwa pou benefis yo (an Anglè).
<b>Family Maximum</b>	<b>Benefis Maksimòm pou Fanmi</b>	Kantite benefis makismòm nou ka peye yon fanmi antye sou dosye moun ki te travay la.
<b>FICA Tax</b>	<b>Taks FICA</b>	FICA vle di (Federal Insurance Contributions Act, an Anglè) "Lwa Kontribisyon Asirans Federal." Se taks nou kenbe nan salè ou ki finanse pwogram Sekirite Sosyal ak Medicare yo.
<b>Full Retirement Age</b>	<b>Laj Retrèt Konplè</b>	Laj yon moun ka kòmanse pran benefis retrèt konplè oswa benefis ki pa redwi pou laj. Laj ou pral kapab kolekte peman benefis konplè. Si ou te fet nan ane 1943 jiska 1954 laj retrèt konplè ou se laj 66 an. Laj retrèt konplè ogmante si ou te fèt nan ane 1955 a 1960 jiskake li rive nan laj 67 an. Pou moun ki fèt nan ane 1960 oswa pita laj benefis retrèt konplè yo se 67 an. Travayè ak mari/madanm nan ane 2027. Vèv ak vèf nan ane 2029. Ogmantasyon sa afekte kantite rediksyon pou moun ki kòmanse resevwa benefis redwi. Pou detèmine laj retrèt konplè ou ak efè resevwa benefis bonè kapab genyen, gade Retrèt Laj kalkilatris nou an (an Anglè)

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>Insured Status</b>	<b>Estatí Asirans</b>	Si ou te travay epi touche ase kredi Sekirite Sosyal ou ka kalifye pou benefis retrèt oswa andikap. Ou gen estati asirans, lè moun ki depandan ou yo ka kalifye pou benefis sou benefis retrèt ou, andikap, oswa lanmò ou. Pou plis enfòmasyon, gade Kredi Sekirite Sosyal (an Anglè).
<b>Lawful Alien Status</b>	<b>Estatí Legal Etranje</b>	Refere a moun ki admèt nan Etazini ki gen otorizasyon pèmanan pou travay pa United States Citizenship and Immigration Services (USCIS) (Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken) (Ki te rele INS) oswa admèt nan Etazini sou yon baz tanporè avèk otorizasyon USCIS.
<b>Lifetime Earnings “Earnings Record”</b>	<b>Salè pou tout lavi “Dosye Salè”</b>	Yon istwa kwonologik kantite lajan ou te touche chak ane pandan tout lavi ou lè ou travay. Kredi ou touche yo rete nan dosye Sekirite Sosyal ou menm lè ou chanje travay oswa ou pa gen salè. Ou ka wè revni ou pou tout la vi ou ak yon kont pèsonèl Sekirite Sosyal ( <i>my Social Security account</i> an Anglè).
<b>Lump Sum Death Payment</b>	<b>Sòm total peman lanmò</b>	Yon sèl peman \$255 nou ajoute sou nenpòt lòt benefis sivivan fanmi ou kalifye pou resevwa. Kantite lajan sa a peye sèlman pou vèv/vèf ou oswa timoun minè.
<b>Maximum Earnings</b>	<b>Revni Maksimòm</b>	Kantite maksimòm revni nou ka konte nan nenpòt ane kalandriye lè nou ap kalkile benefis Sekirite Sosyal ou.
<b>Medicaid</b>	<b>Medicaid</b>	Yon pwogram konjwen federal ak eta ki ede nan depans medikal pou moun ki gen revni ak resous limite. Pwogram Medicaid yo varye selon eta a, men piò depans swen sante yo kouvri si ou kalifye pou tou de Medicare ak Medicaid. Pou plis enfòmasyon, gade Medicaid.gov(an Anglè).
<b>Medicare</b>	<b>Medicare</b>	<p>Pwogram asirans sante federal pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun ki gen 65 an oswa plis.</li> <li>• Sèten jèn moun ki gen andikap.</li> <li>• Moun ki gen ensifizans renal pèmanan ak dyaliz oswa yon transplantasyon pafwa yo rele ESRD (End-Stage Renal Disease).</li> </ul> <p>Pou plis enfòmasyon, gade Benefis Medicare avèk Sit Ofisyèl Gouvènman Ameriken pou Medicare (an Anglè).</p>
<b>Month of Election</b>	<b>Mwa Kalifikasyon</b>	<p>Jeneralman sa aplike pou reklamasyon benefis retrèt. Nan sèten sitiyasyon, ou ka chwazi nan ki mwa ou vle benefis ou yo kòmanse.</p> <p>Gen anpil differan faktè ki ka afekte lè ou vle kòmanse resevwa peman ou yo (an Anglè).</p>

<b>Term</b>	<b>Tèm</b>	<b>Eksplikasyon</b>								
<b>Normal Retirement Age</b>	<b>Laj Nòmal Pou Pran Retrèt</b>	Gade Laj retrèt konplè.								
<b>Number Holder</b>	<b>Detantè Nimewo</b>	Gade Moun Ki travay La.								
<b>Nutrition Assistance Programs</b>	<b>Pwogram Asistans Nitrisyon</b>	Pwogram Depatman Agrikilti Etazini ki ede fanmi ki nan bezwen yo achte manje. Pou plis enfòmasyon, gade Pwogram Asistans Nitrisyon (an Anglè) (05-10100).								
<b>(OASDI (Old Age Survivors and Disability Insurance)</b>	<b>(Sivivan Vyeyès ak Asirans Andikap)</b>	Pwogram Sekirite Sosyal ki bay travayè yo ak depandan yo benefis lajan chak mwa lè yo pran retrèt yo, lè yo vin andikape oswa lè yo mouri.								
<b>Payment Dates for Social Security Benefits</b>	<b>Dat Peman Pou Benefis Sekirite Sosyal</b>	<p>Si ou te aplike pou benefis Sekirite Sosyal anvan 1ye Me 1997, dat peman ou yo se 3yèm jou nan mwa ki vin apre mwa nou te dwe peman an. Pa egzanp, peman pou Janvye yo delivre 3 Fevriye.</p> <p>Si 3yèm jou nan mwa a se yon Samdi, Dimanch oswa yon jou ferye federal, peman ou yo gen dat livrezon premye jou anvan 3yèm jou nan mwa a ki pa yon Samdi, Dimanch oswa yon jou ferye federal. Pa egzanp, si 3yèm lan se yon Samdi oswa Dimanch, peman yo delivre nan Vandredi anvan an.</p> <p>Si ou te aplike pou benefis Sekirite Sosyal 1ye Me 1997, oswa pita, nou ba ou youn nan twa jou peman ki baze sou dat nesans ou:</p> <table border="1"> <thead> <tr> <th><b>Si ou te fèt...</b></th><th><b>Livrezon peman ou se pou...</b></th></tr> </thead> <tbody> <tr> <td>1ye jiska 10 nan mwa a</td><td>Dezyèm Mèkredi nan mwa a</td></tr> <tr> <td>11yèm jiska 20yèm nan mwa a</td><td>Twazyèm Mèkredi nan mwa a</td></tr> <tr> <td>21 jiska fen mwa a</td><td>Katriyèm Mèkredi nan mwa a</td></tr> </tbody> </table> <p>Si jou peman ou pwograme pou Mèkredi a se yon jou ferye federal, nou ap voye peman ou a nan jou anvan ki pa yon jou ferye legal federal.</p> <p>Pou yon orè pou dat peman benefis yo, gade kalandriye peman (an Anglè).</p>	<b>Si ou te fèt...</b>	<b>Livrezon peman ou se pou...</b>	1ye jiska 10 nan mwa a	Dezyèm Mèkredi nan mwa a	11yèm jiska 20yèm nan mwa a	Twazyèm Mèkredi nan mwa a	21 jiska fen mwa a	Katriyèm Mèkredi nan mwa a
<b>Si ou te fèt...</b>	<b>Livrezon peman ou se pou...</b>									
1ye jiska 10 nan mwa a	Dezyèm Mèkredi nan mwa a									
11yèm jiska 20yèm nan mwa a	Twazyèm Mèkredi nan mwa a									
21 jiska fen mwa a	Katriyèm Mèkredi nan mwa a									

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>Payment Dates for Supplemental Security Income (SSI) Payments</b>	<b>Dat pou peman Revni Sekirite Siplemantè (SSI an Angle)</b>	Anjeneral, peman SSI yo delivre premye jou nan mwa yo dwe a . Men, si premye jou nan mwa a tonbe nan yon Samdi, Dimanch oswa yon jou ferye federal, yo gen dat ak livrezon nan premye jou anvan premye mwa a ki pa yon Samdi, Dimanch oswa yon jou ferye federal. Pou yon orè dat peman benefis, gade kalandriye peman nou an (an Anglè).
<b>PIA (Primary Insurance Amount)</b>	<b>(Kantite Lajan Asirans Prensipal)</b>	Kantite lajan mansyèl nou ka peye si ou se yon travayè retrete ki kòmanse resevwa benefis nan laj retrèt konplè oswa si ou andikape epi ou pa t janm resevwa yon benefis retrèt redwi pou laj.
<b>Proofs</b>	<b>Prèv</b>	Gade Prèv (Verifikasyon).
<b>Protective Filing Date</b>	<b>Pwoteksyon pou dat ou aplike</b>	Dat ou premye kontakte nou sou demann pou benefis yo. Nou ka itilize dat sa a pou etabli yon dat aplikasyon pi bonè pase lè nou resevwa aplikasyon ou siyen an.
<b>QC (Quarter of Coverage)</b>	<b>Trimès Pwoteksyon</b>	Gade Kredi (Kredi Sekirite Sosyal).
<b>Reduction Months</b>	<b>Mwa Rediksyon</b>	Mwa ki kòmanse ak premye mwa ou gen dwa ak benefis redwi jiska, men ki pa enkli, mwa ou rive nan laj pou pran retrèt konplè. Pou plis enfòmasyon, gade Kòmanse benefis retrèt ou bonè (an Anglè).
<b>Representative Payee</b>	<b>Reprezantan Benefisyè</b>	Si ou resevwa benefis Sekirite Sosyal oswa Revni Sekirite Siplemantè (SSI an Angle) epi ou pa kapab okipe pwòp zafè finansye ou, nou (apre yon bon ankèt) nonmen yon fanmi, yon zanmi, oswa yon pati ki enterese pou okipe zafè Sekirite Sosyal ou pou ou. Si ou se yon benefisyè oswa yon moun ki nan laj 18 an oswa ki se yon minè emansipe, ou gen opsyon tou pou deziyen davans jiska twa moun ki ta ka sèvi kòm reprezantan pou benefis ou si bezwen an rive nan lavni. Reprezantan benefisyè yo oblige kenbe dosye kontablite konplè epi detanzantan bay rapò nan Sekirite Sosyal. Pou plis enfòmasyon, gade Pwogram Reprezantan Benefisyè (an Anglè).

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>Retirement Age – Full Benefits</b>	<b>Laj Retrèt – Benefis Konplè</b>	<p>Laj ou pral kapab kolekte kantite lajan benefis retrèt konplè ou. Laj pou pran retrèt konplè a se 66 an si ou te fèt an- 1943 a 1954. Laj pou pran retrèt konplè a ogmante piti piti si ou te fèt an 1955 a 1960, jiskaske li rive nan 67 an. Pou nenpòt moun ki fèt nan ane 1960 oswa apre, benefis retrèt konplè yo peye a laj 67 an.</p> <p>Pou plis enfòmasyon sou laj benefis retrèt konplè ak kantite lajan benefis, gade:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Planifikatè retrèt: Benefis (an Anglè).</li> <li>• Benefis Sekirite Sosyal pou sivivan -pa ane nesans (an Anglè).</li> </ul>
<b>Retirement Age – Minimum</b>	<b>Laj Benefis Retrèt – Minimòm</b>	<p>Laj minimòm pou pran benefis retrèt – laj 62 an pou travayè, ak laj 60 an pou vèv oswa vèf. Ou ka chwazi yon benefis redwi nenpòt lè anvan ou rive nan laj retrèt konplè ou.</p>
<b>Retirement Earnings Test</b>	<b>Tès Salè Pou Pran Retrèt</b>	<p>Si ou resevwa benefis Sekirite Sosyal chak mwa anvan laj konplè ou epi ou ap travay, salè ou genyen nan travay la ak/oswa travay endependan pa ka depase yon sèten kantite san nou pa redwi benefis mansyèl ou. Pou plis enfòmasyon, gade <a href="http://www.ssa.gov/benefits/retirement/planner/whileworking.html">www.ssa.gov/benefits/retirement/planner/whileworking.html</a>.</p>
<b>Retroactive Benefits (Back Pay)</b>	<b>Benefis Retwoaktif (Peman aryere)</b>	<p>Benefis mansyel ou ka reklame pou mwa avan ou te aplike pou benefis ou, si ou satisfè kondisyon pou sa.</p>
<b>Retirement Benefit</b>	<b>Benefis Retrèt</b>	<p>Lajan ki peyab pou ou apati de laj 62 an, si ou gen ase kredi Sekirite Sosyal. Pou plis enfòmasyon, gade Benefis Retrèt (an Anglè).</p>
<b>Self-employment Income</b>	<b>Revni Travay Endependan</b>	<p>Revni apre taks \$400 oswa plis nan yon ane taks pou moun ki travay endependan (Ou opere yon komès, biznis oswa pwofesyon, swa endividyèlman oswa kòm yon patnè). Pou plis enfòmasyon, gade Si Ou Se Travayè Endependan (an Anglè). (05-10022).</p>
<b>Social Security</b>	<b>Sekirite Sosyal</b>	<p>Sekirite Sosyal baze sou yon konsèp senp: Pandan ou ap travay ou peye taks nan sistèm Sekirite Sosyal, epi lè ou pran retrèt ou oswa ou vin andikape, ou menm, mari oswa madanm ou, ak pittit depandan ou yo resevwa benefis chak mwa ki baze sou salè ou rapòte. Epitou, sivivan yo ka elijib pou kolekte benefis lè ou mouri. Pou plis enfòmasyon, gade, A “Snapshot”(an Anglè) (05-10006).</p>

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>Social Security Number</b>	<b>Nimewo Sekirite Sosyal</b>	<p>Nimewo Sekirite Sosyal ou gen nèf chif. Sa se premye ak koneksyon kontinyèl ou ak Sekirite Sosyal. Li ede nou idantifye ak anrejistre avèk presizyon salè ou ki kouvari oswa revni travay endepandan ou. Nou itilize li tou pou nou kontwole dosye ou yon fwa ou kòmanse resevwa benefis. Yon nimewo Sekirite Sosyal enpòtan paske ou bezwen li pou jwenn travay, kolekte benefis Sekirite Sosyal, epi jwenn kèk lòt sèvis gouvènman.</p> <p>Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt nou an Nimewo Sekirite Sosyal ak kat (an Anglè).</p>
<b>Social Security Office</b>	<b>Biwo Sekirite Sosyal</b>	<p>Anpil nan sèvis nou yo disponib sou entènèt (an Anglè). Oswa ou kapab rele nimewo telefòn gratis nou an, <b>1-800-772-1213</b>, pou itilize sistèm repons vwa entèaktif nou an oswa pou pale ak yon reprezantan. Nimewo TTY nou an se <b>1-800-325-0778</b>. Sèvis nimewo telefòn gratis sa a disponib soti nan 7 a.m. rive 7 p.m. Lendi jiska Vandredi.</p> <p>Lokalizatè biwo Sekirite Sosyal nou yo montre adrès biwo lokal ou Lokatè Biwo Sekirite Sosyal (an Anglè).</p> <p>Tout sèvis nou bay yo gratis.</p>
<b>Spouse</b>	<b>Mari oswa Madanm</b>	<p>Ou se mari oswa madanm moun ki ap travay la si:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ou menm ak moun ki travayè a te marye nan moman ou te aplike pou benefis yo.</li> <li>• Ou ta gen estati yon mari oswa yon madanm pou byen pèsonèl moun sa a si yo pa t genyen testaman.</li> <li>• Ou te fe yon seremoni maryaj ak bòn fwa ki tap valab eksepte pou yon anpèchman legal.</li> </ul>
<b>SS-5</b>	<b>SS-5</b>	Gade Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal (an Anglè).
<b>SS-5 FS</b>	<b>SS-5 FS</b>	Gade Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal si ou andeyò Etazini (an Anglè).
<b>Supplemental Security Income (SSI)</b>	<b>Revni Sekirite Siplemantè (SSI)</b>	Yon pwogram federal revni siplemantè ki finanse pa revni taks jeneral (pa taks Sekirite Sosyal). Li ede moun ki aje, avèg, ak andikape ki gen revni ak resous limite pa bay peman lajan kach chak mwa pou satisfè bezwen debaz pou manje, rad, ak abri. Pou plis enfòmasyon, gade Revni Sekirite Siplemantè (SSI an Anglè) (SSI).

Term	Tèm	Eksplikasyon
<b>Survivors Benefits</b>	<b>Benefis Sivivan</b>	<p>Benefis ki baze sou dosye ou (lè ou mouri) ki ka peye pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Vèv/vèf ki gen 60 an oswa plis, 50 an oswa plis si li andikape, oswa nenpòt laj si ou ap pran swen pitit ou ki pokò gen 16 an, oswa kite andikape anvan laj 22 an.</li> <li>Timoun, si yo pa marye epi yo pokò gen 18 an, si yo pokò gen 19 an men yo toujou nan lekòl, oswa yo gen 18 an oswa plis men yo te andikape anvan laj 22 an.</li> <li>Paran, si ou te bay omwen mwatye nan sipò yo.</li> </ul> <p>Yon ansyen mari oswa madanm ka elijib tou pou benefis vèv/vèf nan dosye ou.</p> <p>Nou ka fè yon peman lanmò espesyal \$255 yon sèl fwa pou mari/madanm ou oswa timoun minè. Pou plis enfòmasyon, gade Benefis Sivivan (an Anglè).</p>
<b>Wage Earner</b>	<b>Moun ki travay la</b>	Yon moun ki rasanble kredi Sekirite Sosyal pandan li ap travay pou salè oswa pou travay endepandan. Pafwa yo rele li "detantè nimewo" oswa "travayè."
<b>Wages</b>	<b>Salè</b>	Tout peman ou touche pou travay ou fe pou on patwon. Salè pa oblige lajan kach. Valè lajan tout konpansasyon yo peye yon anplwaye nan nenpòt fòm ki pa lajan kach yo konsidere tankou salè tou, sof si fòm peman an pa espesyalman kouvri anba lwa Sekirite Sosyal.
<b>Widow</b>	<b>Vèv</b>	<p>Ou se vèv/vèf yon moun ki te travay si nan moman li mouri a:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Ou menm ak moun ki te konn travay la te nan yon maryaj valab.</li> <li>Ou ta gen estati a yon mari oswa yon madanm pou byen pèsonèl moun sa a si li pat gen testaman.</li> <li>Ou te fe yon seremoni maryaj ak bòn fwa ki tap valab eksepte pou yon anpèchman legal.</li> </ul> <p>Laj minimòm pou benefis vèv/vèf yo se 60 an, oswa 50 an si li andikape.</p>
<b>Widower</b>	<b>Vèf</b>	Gade Vèf.
<b>Work Credits</b>	<b>Kredi Travay</b>	Gade Kredi Travay.
<b>Worker</b>	<b>Travayè</b>	Gade Travayè.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration

September 2024

Glosè Tèm Sekirite Sosyal

Glossary of Social Security Terms (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Pwodui epi Pibliye avek lajan taks kontribyab Ameriken yo